



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal

Dire: 3 zè

Li mande piki, li vle lasante

An egzamine sa anpil Ayisyen enstwi fè ak pawòl manman pitit ki pa te pase lekòl, lè malerèz sa yo vin mande pou pitit yo aprann franse, aprann an franse, paske yo pa ta renmen pou lekòl sèvi ak kreyòl. Gen moun ki prese di: "Nou pa wè, mas pèp la fè chwa li! Se franse li mande. Li pa vle kreyòl la pou pitit li yo." Moun ki prese di sa bliye di ki moun ki pase 200 ane ap chèche foure lide konsa nan tèt mas pèp la. Epi yo pa chèche wè klè. Yo pa fouye pi fon. Gen sa moun konn mande tout bon, gen sa moun vle tout bon. Se pa menm afè. Yon malerèz gen dwa sot nan tèt mòn ak yon pitit k ap mouri nan men li. Li rive lopital, li mande doktè bay timoun nan yon piki. Li mande piki, se sa yo di l ki bon. Men, li vle lasante ak lavi pou pitit li. Se yon doktè malfektè sèl ki ta kouri deklare, depi manman pitit mande piki ba l piki menm si ka a byen klè pou doktè a. Menmsi konesans li pèmèt li wè tretman ki kapab sove pitit la, se pa yon trètman ki mande piki.

Kouman fè sèten pwofesè lekòl ap plede di: se paran ayisyen ki mande franse, nou oblije bay franse? Eske yo pa konnen paran ayisyen renmenn pitit yo? Sa yo vle pou pitit yo, se enstriksyon, se konesans, se yon ale mye, se lajan, se pouvwa, se pwogrè. Sa yo mande se franse, paske yo pran nan pèlen 200 ane manti kap chèche fè yo kwè se franse ki grenn sòvè a. E sa se yon manti lekòl ap simen pou li defann enterè yon klas moun k ap eksplwate yon lòt klas moun.

Men, si kreyòl la se lang tout mas pèp ayisyen an tout bon, si li kole ak rasin lavi li, si yo pa konn chwazi lang, si chemen konesans moun se lang moun konnen, ki ka nou? Oubyen n ap chwazi sèvi ak lang pèp la lekòl pou nou estwi pèp la. Oubyen nou kontinye bay pèp la baryè, pou nou enpoze l manche nan chemen konesans. Se sèl chwa nou genyen. Chwazi travay nan enterè yon pèp oubyen chwazi kraze yon pèp.

Iv Dejan

Sèl 48-49, p.10, desanm 1980

Premye Pati

A) Konpreyansyon (30 pwen) 6 pwen puou chak kesyon

- Daprè tèks la, kisa moun ki pa vle kreyòl kòm lang pou pèp la aprann yo pran kòm pretèks pou montre se pèp la ki pa vle kreyòl la?
- Eske w panse manman ak papa pitit k al enskri timoun yo byen konprann sa yo ta renmen pou pitit yo sou kesyon lang? Jistifye sa w di a.
- Ki konparezon otè a fè ki eksplike byen klè gwo diferans ki genyen ant sa yon moun konn mande paske li ta panse l bon pou li ak sa ki vrèman itil?
- Ki vrè rezon ki pouse anpil moun, e menm pwofesè panse se fransè ki dwe toujou sèvi kòm lang ansèyman an Ayiti?
- Pou ki rezon, daprè tèks la, ki fè li enpòtan pou otorite konsène yo sèvi ak kreyòl, lang tout pèp la pale, pou ba yo bon jan fòmasyon pou yo ka pwogrese?
- Eske w twouve tit la koresponn ak ide jeneral ki degaje nan tèks la? Poukisa w panse sa?

Dezyèm Pati (35 pwen) 5 pwen pou chak kesyon

B) Gramè- Vocabilè- Tradiksyon

- Ki pwopozisyon sibòdone ki koresponn ak gwoup ki souliye nan fraz pi ba yo (Sibòdone relativ, sibòdone sikonstansyèl, sibòdone konjonktiv, sibòdone konpletiv...)?

a	Pòl santi l vekse <u>paske w pran kòb la.</u>
b	Mwen espere <u>w ap retounen demen</u>
ch	Li dekouvri elèv <u>ki te fè dezòd la.</u>

- Ekri yon fraz senp ki koresponn ak eskèlèt fraz pi ba a epi reprezante li grafikman:

Men eskèlèt fraz la:
F=GNS+ GP+Gprep
GNS=Det+Adj+N
Gprep=prep+GN
- Ki sans ekspresyon "yo pran nan pèlen ...» an gen nan tèks la? Ekri yon lòt fraz ki gen ekspresyon an ladan li, nan menm sans la.
- Jwenn enferans ki se konsekans lojik rezònman sa a:«Si kreyòl la se lang tout mas pèp la vre, si li konekte ak rasin tout lavi li, poutan se fransè yo itilize pou bay pèp la fòmasyon...»
- Tradui de (2) dènye fraz nan premye paragaf la an fransè (Kòmanse nan ‘Se yon doktè malfektè...’ pou fini nan ‘mande yo chak.’
- Jwen pou pitit twa rezo leksik nan tèks la, epi ekri kat mo pou yo chak.
- Men yon ekstrè powèm:
Bonjou chalè jèmen nan fimye tout lari
Pou l donner swè cheval nan zèl sapat lanmori
K ap kankannen anba sann gwo zetwal douvanjou.

- Endike kalite ak dispozisyon rim ki nan ekstrè a.

CH- Prodiksyon: (Chwazi youn pami sijè sa yo)

- Gen yon gwoup moun ki kwè gen anpil avantaj lè yon moun aprann nan lang manman l ak papa l. Men gen yon lòt gwoup ki panse gen plis avantaj lè yon moun aprann nan yon lang li pa twò maton (yon lang etranjè).
Vin ak agiman solid pou montre tout avantaj ki genyen lè yon pèp aprann nan lang matènèl li, pandan w ap montre tout erè moun yo fè lè yo kwè yon pèp ka jwenn konesans, fè pwogrè teknik, devlope lè yo aprann nan yon lang etranjè
- Daprè ou menm, ki gwo efò chak moun ki konsène ta dwe fè pou mete pwodiksyon nasyonal la sou pye an Ayiti, epi diminye kou lavi a k ap ogmante chak jou pi plis nan peyi a?